



THE COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS  
OFFICE OF THE ATTORNEY GENERAL  
ONE ASHBURTON PLACE  
BOSTON, MASSACHUSETTS 02108

MAURA HEALEY  
ATTORNEY GENERAL

(617) 727-2200  
(617) 727-4765 TTY  
[www.mass.gov/ago](http://www.mass.gov/ago)

**Avi sou Pwogram Asistans ann Ijans pou Lokasyon**  
*Yo pa dwe fè diskriminasyon sou baz sous revni lokatè yo.*

Lwa Massachusetts sou Lojman Ekitab (Massachusetts Fair Housing Act) la entèdi pwopriyetè yo fè diskriminasyon kont lokatè sou baz "sous revni" yo oswa poutèt yo resevwa asistans leta.

Daprè lalwa sa a, pwopriyetè yo pa ka fè diskriminasyon kont okenn lokatè paske yo planifye pou sèvi ak asistans leta tanporè oswa ann ijans pou garanti peman lwaye; egzanp, tankou Asistans Rezidansyèl pou Fanmi ki nan Tranzisyon (RAFT), Asistans ann Ijans pou Lwaye oswa Ipotèk (ERMA), Pwogram Asistans ann Ijans pou Lwaye (ERAP) oswa pwogram asistans ann ijans pou peye lwaye vil ak minisipalite lokal mete anplas yo.

Pou egzanp, pwopriyetè yo pa ka refize patisipe nan pwogram asistans lokasyon sa yo pou rezon sila yo :

- Yo senpleman ta pito lajan kach;
- Yo ta pè pou pwosesis apwobasyon pou pwogram sa yo ta pran anpil tan;
- Oswa yo pa ta vle ranpli sèten dokiman ki nesesè pou pwogram sa yo;
- Yo vle evite peye taks sou revni lwaye a;
- Gen tan mete nan tèt yo lokatè ki aplike pou pwogram sa yo pa kalifye pou jwenn asistans pou lokasyon ann ijans; oswa
- Yo prefere pa konfòme yo avèk egzijans pou pwogram sa yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou diskriminasyon ki baze sou itilizasasyon RAFT la oswa lòt benefis leta bay, tanpri gade seksyon Kesyon Moun Mande Souvan sou « diskriminasyon akoz sous revni » a.

Si ou kwè yo pa te respekte dwa ou yo, nou ankouraje ou pote yon plent nan Divizyon Dwa Sivil la ki nan Biwo Pwokirè Jeneral la sou entènèt oswa lè w rele nan (617) 963-2917.

Dat dokiman sa a: 27 avril 2021